

Kijan mwen kapab enskri nan Pwogram Epay Medicare a?



Si ou kalifye pou Medicare, ou kapab ranpli yon aplikasyon pou aplike pou MSP. Ou kapab aplike swa pou MSP-sèlman (demann kout) oswa pou MSP ak Medicaid (demann ki pi long).

Ou kapab mande aplikasyon an lè w rele Liy Èd HRA Medicaid la nan **888-692-6116** oswa pase pran li nan nenpòt Biwo Medicaid nan Kominote a.

Ou kapab soumèt aplikasyon ou a an pèsòn oswa nan kourye lapòs. Si w chwazi fè demann lan nan kourye lapòs, tanpri, soumèt aplikasyon an ak dokiman yo (prèv yo) fason ki vin apre a:

KLIYAN YO KAPAB APLIKE POU MEDICAID AK/OSWA PWOGRAM EPAY MEDICARE A SOU ACCESSHRA



nyc.gov/ACCESSHRA

SI W AP APLIKE POU MSP AK MEDICAID, VOYE PAKE APLIKASYON OU AN NAN KOURYE LAPÒS BAY:

HRA/Medical Assistance Program
MSP-CREP, 5th Fl.
PO Box 24330
Brooklyn, NY 11202-9801

SI W AP APLIKE POU MSP-SÈLMAN, VOYE APLIKASYON OU AN NAN KOURYE LAPÒS BAY:

HRA/Medical Assistance Program
Initial Eligibility Unit, 5th Fl.
PO Box 24390
Brooklyn, NY 11202-9814



BRC-1071 (HT)

© Copyright 2024. Vil new York, Administrasyon Resous Imèn/Depatman Sèvis Sosyal. Pou jwenn otorizasyon pou repwodui tout oswa yon pati nan dokiman sa a, kontakte Administrasyon Resous Imèn Vil New York la.



PWOGRAM ASISTANS MEDIKAL

FOTO YO SE MODEL YO AP ITILIZE POU MONTRE ILISTRASYON SELMAN.

Pwogram Epay Medicare

BRC-1071 (HT)

Kisa Pwogram Epay Medicare a ye?

Pwogram Epay Medicare a (MSP) se yon pwogram Medicaid ap jere epi ki fèt pou benefisyè Medicare ki gen revni limite yo.

Si ou kalifye, pwogram sa a ap peye prim Medicare Pati B ou yo. Selon sou-pwogram ou kalifye pou li a, li kapab peye pou lòt frè kotizasyon ki parèt anba a. **Ou kapab kalifye pou Medicaid ananm ak Pwogram Epay Medicare a.**

Selon revni ou, ou kapab kalifye pou youn (1) nan sa ki vin apre yo (gade tablo ki vin apre nan feyè sa a pou jwenn enfòmasyon sou revni yo):

BENEFISYÈ MEDICARE KALIFYE (QUALIFIED MEDICAID BENEFICIARY, QMB)

Pwogram QMB a peye prim Medicare Pati A ak/ oswa Pati B a, ko-asirans yo ananm ak franchiz yo. QMB a an vigè premye jou nan mwa ki vin apre mwa nou detèmine kalifikasyon an.

Pa egzanp, si nou detèmine ou kalifye nan mwa janvyè, avantaj yo ap kòmanse an fevriye. Ou kapab kalifye pou QMB-sèlman oswa pou QMB ak lòt pwogram Medicaid yo.

MOUN KI KALIFYE-1 (QUALIFIED INDIVIDUAL, QI-1)

Pwogram QI-1 a peye prim Medicare Pati B ou yo sèlman. **Ou dwe gen Medicare Pati A pou ou kalifye.**

QI-1 se yon pwogram chak ane ki kòmanse apati 1^{ye} janv^{ye} pou rive 31 desan^m chak ane. Nou detèmine kalifikasyon an selon prensip premye rive premye sèvi a, epi li antre an vigè nan mwa ou fè demann lan. **Ou pa kapab kalifye pou QI-1 ananm ak lòt pwogram Medicaid yo.**

Ki avantaj ki genyen lè yon moun enskri nan Pwogram Epay Medicare a?

Pifò moun resevwa pwoteksyon Medicare Pati A (lopital) otomatikman lè yo gen 65 lane oswa plis, **gratis**. Sepandan, benefisyè yo dwe peye yon prim chak mwa pou Medicare Pati B yo a (swen medikal pou pasyan ki pa entènè).

Yo retire montan prim sa a otomatikman nan chèk Sekirite Sosyal ou a chak mwa. Si ou kalifye pou youn (1) nan Pwogram Epay Medicare ki site anwo a, ou pa p bezwen peye prim Medicare Pati B (swen pou pasyan ki pa entènè) chak mwa a ankò.

Epitou, tout benefisyè Medicare ki kalifye yo ap kalifye otomatikman pou **Pwogram Sibvansyon pou Revni Fèb la (Low-Income Subsidy, LIS)**. Sibvansyon sa a ap ede w peye Medicare Pati D a (depans pou preskripsyon). Li ap peye yon pati nan prim chak mwa plan preskripsyon an, ak lòt depans ki sot nan pòch ou, tankou franchiz **ak kotizasyon chak ane yo epi ko-asirans pou medikaman yo.**

Ki obligasyon finansyè pou yon moun kalifye?

Pou w kalifye finansyèman pou MSP, **revni brit ou** (revni brit mwens franchi ak ajisteman ki otorize yo) **dwe pi ba pase Nivo Povrete Federal (FPL) ki ekri anba a.**

Pousantaj FPL ki ekri nan tablo anba a montre montan revni maksimòm yon moun (oswa yon koup) kapab genyen pou yo toujou konsidere li kalifye pou MSP.

OBLIGASYON FINANSYÈ	QMB	QI-1
Limit Revni	Jiska 138% nan Nivo Povrete Federal la (FPL)	Pi wo pase 138% men mwens pase 186% nan Nivo Povrete Federal la (FPL)
Se Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an ki fikse FPL la chak ane, epi yo defini FPL la kòm montan revni minimòm yon fanmi bezwen pou manje, rad, transpò, lojman, ak lòt nesosite. Yo itilize yon pousantaj nan FPL a pou kalkile kalifikasyon revni pou avantaj piblik, tankou MSP. Pou w wè done FPL aktyèl yo, ale sou: https://aspe.hhs.gov/poverty-guidelines		
Revni Touche san Travay pa Ladan (Pa Konte)	Yon ti montan revni ou touche san travay (pa egzanp Sekirite Sosyal, pansyon, elatriye) pa konte. Note sa: Kòm egzanp pou revni touche san travay gen avantaj Sekirite Sosyal, pansyon ak revni ki pa gen rapò ak travay.	